

# MEMBACA MANUSKRIP JAWA



HESTI MULYANI

Perpustakaan Nasional: Katalog Dalam Teras (KDT)  
ALFABETA

Hesti Mulyani

Memoranda Manuskrip Jawa/Hati Mulyani

Editor: Komayanti - Co. I - Yogyakarta: Kanwa Publisher, 2013.

iv + 112 hlm. 17 x 25 cm.

Program ini merupakan salah satu upaya untuk melestarikan dan mengembangkan budaya tulis yang ada di Indonesia.

Keberhasilan program ini sangat tergantung dari dukungan dan partisipasi aktif masyarakat.

# **MEMBACA MANUSKRIP JAWA**

**Hesti Mulyani**

Penyunting: Komayanti  
Cover: Komayanti  
Desain Kulit: Komayanti  
Penerbit: Kanwa Publisher



Alamat:  
Griya Sukanan No. 1, Muli R. 03 Bw 20, Sumbasari,  
Ngablak, Sleman, Yogyakarta, Telp. (0274) 922288  
Email: kanwapublisher@yahoo.co.id

Perpustakaan Nasional: Katalog Dalam Terbitan (KDT)

Hesti Mulyani

Membaca Manuskrip Jawa/Hesti Mulyani;  
Editor, Romiyatun -- Cet. I -- Yogyakarta: Kanwa Publisher, 2012.  
iv + 112 hlm; 17 x 25 cm.

ISBN : 978-979-15383-4-3

I. Bahasa	II. Judul	III. Romiyatun
		300

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang  
Memfoto copy atau memperbanyak dengan cara apapun,  
sebagian atau seluruh isi buku ini tanpa seizin penerbit  
adalah tindakan tidak bermoral dan melawan hukum.

### **Membaca Manuskrip Jawa**

Pengarang	: Hesti Mulyani
Editor	: Romiyatun
Cover	: Kanwa Publisher
Cetakan Kedua	: September 2012
Penerbit	: Kanwa Publisher

Alamat:  
Griya Sekawan No. 1, Mudal Rt 03 Rw 20, Sariharjo,  
Ngaglik, Sleman, Yogyakarta, Telpon (0274) 9598986  
Email: kanwapublisher@yahoo.co.id

## ATUR SAPĀLĀ

Panyêrat munjukakên pujâ puji syukur Alhamdulillah dhumatêng Allah SWT ingkang sampun mapintên-pintên paring kasarasan, kanikmatan, kabêgjan, sâhâ kabagyan dhatêng panyêrat, saénggâ buku kanthi irah-irahan *Membaca Manuskrip Jawa* mênika sagêd kaimpun kanthi nir ing sambékâlâ. Makatên ugi, panyêrat ngaturakên agunging panuwun dhatêng kulâwargâ ingkang tuhu kinabêktèn ing wêwêngkon Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyêrat saénggâ dados dhasaring maujudipun buku mênikâ.

Buku mênikâ kaimpun adhêdhasar buku-buku waosan (kapriksanânâ ing bagéyan pratélan waosan) ingkang magêpokan kalihan rêmbag bab *manuskrip Jawa*, maos sâhâ damêl alih tulis, lsp. (kapriksanânâ ing bagéyan pratélan isi). Déné urut-urutaning andharan, inggih mênikâ ngandharakên caraning mbêdhah *manuskrip* sâhâ *teks*, maos, alih tulis, damêl gancaraning *teks* dhapukan sêkar, damêl *terjemahan*, paham isining *teks*, saha nandhingakên *manuskrip Jawa* kanthi saraséhan (*presentasi*). Cêkak aosipun mbêdhah *manuskrip Jawa*, wiwit pados dumugi ngandharakên isi sâhâ ginanipun tumrap gêsanging masarakat jaman samênikâ.

Têmtu kémawon, buku mênikâ dèrèng sagêd kawastanan saé, jangkêp, mênâpâ malih sampurna. Pramilâ saking mênikâ sadâyâ pangandikan mênâpâ déné panyaruwé ingkang tumuju murih langkung saé, jangkêp, sâhâ sampurnaning buku mênikâ, tansah katampi kanthi bingahing manah sâhâ atur agunging panuwun.

Wasânâ, kanthi raos andhap asor panyêrat kamipurun ngaturakên buku mênikâ kanggé gêgaraning pasinaon, sinaosâ dèrèng sampurnâ. Ananging, panyêrat saestu angajêng-ajêng mugu-mugu buku mênikâ sagêdâ murakabi, Amin.

Panyêrat

## PRATÉLAN ISI

<b>IRAH-IRAHAN</b> .....	i
<b>ATUR SAPĀLĀ</b> .....	ii
<b>PRATÉLAN ISI</b> .....	iii
<b>BAB I MEMBACA MANUSKRIP JAWA</b> .....	1
A. Jinising <i>Manuskrip Jawa</i> .....	1
B. Nêmtokakên <i>Manuskrip Jawa</i> .....	3
C. <i>Membaca Manuskrip Jawa</i> .....	4
D. <i>Deskripsi Manuskrip Jawa sâhâ Teks-ipun</i> .....	6
<b>BAB II ALIH TULIS</b> .....	9
A. <i>Transliterasi</i> .....	9
B. <i>Transkripsi</i> .....	9
C. <i>Metode Transliterasi Diplomatik sâhâ Metode Transliterasi Standar</i> ....	10
D. <i>Metode Transkripsi Diplomatik sâhâ Metode Transkripsi Standar</i> .....	12
<b>BAB III PARAFRASE</b> .....	17
A. <i>Parafrase Teks Dhapukan Sêkar Sêratan Aksârâ Jâwâ</i> .....	17
B. <i>Parafrase Teks Dhapukan Sêkar Sêratan Aksârâ Arab Pégon</i> .....	18
<b>BAB IV TERJEMAHAN</b> .....	21
A. <i>Terjemahan Teks Dhapukan Sêkar Sêratan Aksârâ Jâwâ</i> .....	22
B. <i>Terjemahan Teks Dhapukan Sêkar Sêratan Aksârâ Arab Pégon</i> .....	24
<b>BAB V TÊTANDHINGAN MANUSKRIP SĀHĀ MBÊDHĀH ISINING TEKS</b> .....	27
A. <i>Têtandhingan Manuskrip sâhâ Teks</i> .....	27
B. <i>Mbêdhah Isining Teks</i> .....	42
<b>KEPUSTAKAAN</b> .....	73
<b>LAMPIRAN</b> .....	75
A. <i>Nglêstantunakên Manuskrip Sêrat Asmârlâyâ</i> .....	75
B. <i>Teks Sêratan Tangan utawi Carik Sêrat Asmârlâyâ kasimpên ing Muséum Sânbudâyâ Ngayogyâkartâ</i> .....	92
C. <i>Cak-cakaning Teori sâhâ Metode</i> .....	111

## BAB I MEMBACA MANUSKRIP JAWA

### A. Jinising *Manuskrip Jawa*

*Manuskrip Jawa* makatên saking têmbung *manuskrip* kalihan *Jawa*. Têmbung *manuskrip* mênikâ asli saking têmbung bâsâ Inggris, *manuscript* 'naskah' têngsipun anggitan ingkang sinêrat tangan (carik), ingkang taksih asli mênâpâ déné ingkang sampun awujud salinanipun (Darusuprta, 1984:1) inggih ingkang ngêwrat mawarni-warnining bab ingkang mujudakên wohing kabudayanipun masarakat ing jaman rumiyin (Baroroh-Baried, 1985:54). Têmbung *Jawa* têngsipun mênâpâ kémawon ingkang gêngayutan kalihan bâsâ, sastra, sâhâ budâyâ Jawi inggih kalêbêt aksârâ kanggé nyêrat *teks* utawi andharan salêbêting *manuskrip*.

Dados, *manuskrip Jawa* inggih mênikâ anggitan ingkang sinêrat tangan (carik), ingkang taksih asli mênâpâ déné ingkang sampun awujud salinanipun, ingkang ngêwrat mawarni-warnining bab ingkang mujudakên wohing kabudayan-ipun masarakat ing jaman rumiyin, ingkang dipun-andharakên mawi bâsâ Jawi (inggih bâsâ Jawi Kinâ, Jawi *Pertengahan*, Jawi gagrag Anyar). Wondéné aksârâ ingkang kaginakakên kanggé ngandharakên *teks* inggih mênikâ aksârâ Jâwâ, aksârâ Arab Pégon, sâhâ aksârâ Latin.

*Manuskrip Jawa* ingkang ngêwrat *teks* mujudakên objek utawi sumber data wontên ing panalitèn *filologi*. *Filologi* inggih mênikâ satunggaling ngèlmu ingkang gêngayutan kalihan wohing karya sastra ingkang magêpokan kalihan bab bâsâ, sastra, sâhâ budâyâ. Kanthi makatên *manuskrip Jawa* mênikâ ngêwrat bab manêkâ warnining panggêsanganing masarakat jaman rumiyin, inggih ingkang magêpokan kalihan bab piwulang, ringgit, primbon, *sejarah*, *sosial*, *politik*, *hukum*, lsp. Pramilâ kanggé nggampilakên nêmtokakên *manuskrip Jawa* minangkâ sumber data ing panalitèn ingkang ngginakakên *filologi* prayogi kanthi lampah *studi katalog*.

*Katalog* inggih mênikâ dhaptaring *manuskrip Jawa* ingkang sinerat tangan sâhâ cithak ingkang ngandharakên ngêngingi bab kawontênaning *manuskrip* sâhâ *teks* kanthi ringkês. Dumugi sapriki, *katalog* ingkang kababar sampun kathah. Wontên *katalog* ingkang ngêwrat *manuskrip-manuskrip* sâhâ buku-buku cithak ingkang ngêwrat bab bâsâ, sastra, sâhâ budâyâ Jawi ingkang kasimpên ing *perpustakaan* utawi muséum, upaminipun ing Ngayogyâkartâ sâhâ Surâkartâ.

Kanggé nêmtokakên *manuskrip Jawa* ingkang kadospundi ingkang badhé dipunwaos lajêng ngantos kabêdhah mênikâ kédah mangrêtos langkung rumiyin bab jinising *manuskrip Jawa*. Sarânâ kanggé nintingi jinising *manuskrip Jawa* mênikâ sagêd dipuntindakakên kanthi maos *katalog-katalog* ingkang sampun wontên. Kados ta *Katalog* ingkang ngêwrat *manuskrip-manuskrip* ing Jakarta, inggih ing Muséum Gajah

samênikâ dados *Perpustakaan Nasional Republik Indonesia*, Bali, inggih ing Gêdhong Kirtya, lsp. Wontên *katalog* ingkang ngêwrat *manuskrip-manuskrip* ingkang kasimpên ing *perpustakaan* utawi papan sanèsipun, inggih mênikâ ing Ngayogyâkartâ: *Perpustakaan Pura Pakualaman*, Têpas Kapujanggan Agêng Widyâbudâyâ Kraton Ngayogyâkartâ, Têpas Kapujanggan Kasatriyan Kraton Ngayogyâkartâ; ing Surâkartâ: *Perpustakaan Sânapustakâ Kraton Surâkartâ*, *Radyâpustakâ*, sâhâ *Perpustakaan Rêksâpustakâ Kadipatèn Mangkunêgaran Surâkartâ*. Kanthi nyinau andharan ingkang kawrat ing *katalog* mênikâ sagêd mangrêtos mênâpâ kémawon jinising isi *manuskrip Jawa*.

Wontên ing andharaning *katalog* jinis isi *manuskrip Jawa* mênikâ manékâ warni. Wontên ingkang ngêwrat jinis (1) *sejarah* mênikâ ngêwrat andharan ingkang adatipun dipunsukani irah-irahan babad, inggih mênikâ cariyos ingkang ngandharakên bab sêjarah sâhâ *legendaris*; (2) sârâsilah, inggih mênikâ andharan ingkang ngêwrat bab sârâsilahing pârâ râjâ Jawi; (3) *hukum*, inggih *teks* ingkang ngandharakên bab kukum, paugêran, sâhâ *adat-istiadat* ing kraton Jawi; (4) bab ringgit, mênikâ mujudakên *teks* ingkang dipun-anggit kanthi dhapukan gancaran isinipun ngêwrat pakêm padhalangan ringgit purwâ, madyâ, golèk, gêdhog, tiyang, sâhâ thithi; (5) sastra ringgit, inggih mênikâ *saduran* saking pakêm ringgit ingkang dipungarap kanthi dhapukan sêkar mâcâpat; (6) sastra, inggih mênikâ *teks* ingkang ngandharakên bab cariyos ingkang kasêrat kanthi dhapukan gancaran sâhâ sêkar macapat; (7) piwulang, inggih mênikâ *teks* ingkang isinipun bab pitêdahing pârâ priyantun ingkang sâlêh, suci, sâhâ wicaksânâ; (8) Islam, inggih *teks* ingkang ngandharakên bab *fikih*, sarat, sâhâ hukum Islam, lan ugi turunan *teks kitab suci Alquran*; (9) primbon, inggih *teks* ingkang ngandharakên bab bêngjâ-cilakaning nasibipun tiyang adhêdhasar ngêlmu *tradisional* kalêbêt buku pêtangan, pawukon, impèn, lsp.; (10) bâsâ, inggih *teks* ingkang ngrêmbag bab bâsâ sartâ basaning kasusastran Jawi; (11) musik, inggih *teks* ingkang ngandharakên bab titi-laras sâhâ cakêpan gêndhing Jawi saking céngkok Surâkartâ sâhâ Ngayogyâkartâ; (12) *tari-tarian*, inggih *teks* ingkang ngandharakên bab *seni tari* Jawi, kalêbêt jogèt wirèng, tayuban, bondhan, kridhârini, srimpi, sâhâ bêdhâyâ; (13) *adat-istiadat*, *teks* jinis mênika ngandharakên bab adat padintênan sâhâ asiling yasan, inggih ingkang dipunlampahi déning masarakat limrah sajawining kraton sâhâ masarakat salêbêting kraton, inggih mênikâ câranipun ngagêm busânâ, songsong, sopan-santun ing kraton, sadranan, dhuwung (kalêbêt sârâsilahing pârâ êmpu), kawruh kalang, upâcârâ, lsp.; (14) *lain-lain*, *teks-teks* ingkang botên sagêd kagolongakên ing salêbêting tigâ welas jinis kasêbut kalêbêt ing jinising *teks lain-lain* mênikâ (Behrend, 1990). Kados andharan ing nginggil, wontên ugi *katalog* ingkang ngêwrat bab jinis (1) babad, (2) Islam, (3) piwulang, (4) primbon, (6) sastra, (7) *lain-lain* (Saktimulya, 2005), lsp.

### B. Nêmtokakên *Manuskrip Jawa*

Kanggé pados, njingglengi, sâhá lajêng nêmtokakên *manuskrip Jawa* kanthi jinis isi ingkang kadospundi ingkang dipunpilih jumbuh kalihan ingkang dados nêting manah sagêd ngginakakên *katalog* ingkang wontên. Ananging, prêlu dipun-mangrêtos bilih katêrangan ing *katalog* mênikâ namung cêkak aos. Pramila saking mênikâ sinaosâ ngginakakên *katalog* mênikâ dèrèng kawastanan sagêd anyêkapi kanggé nindakakên panalitèning *manuskrip Jawa*. Awit, panaliti taksih kédah ninggali piyambak dhatêng sumbêripun, inggih mênikâ wujuding *manuskrip Jawa*. Manawi sampun ngadhêp *manuskrip*-ipun, panaliti sagêd mangrêtos saestu kadospundi mênggah kawontênaning *manuskrip*-ipun, mênâpâ taksih saé, radi risak, mênâpâ malah kosok-wangsulipun, sampun risak. Kauningana, bilik risaking *manuskrip* mênikâ dèrèng kantênan ngrisak *teks*-ipun. Dados, sinaosâ *manuskrip*-ipun risak manawi *teks*-ipun taksih saé têngsipun taksih sagêd dipunwaos sâhá sagêd dipunmangrêtos isinipun. *Teks* ingkang makatên mênikâ têtêp inggih taksih sagêd dipun-tliti. *Manuskrip Jawa* mênikâ sagêd kapanggihakên ing papan panyimpênan, inggih ing muséum mênâpâ déné ing *perpustakaan*. Kanthi makatên salajêngipun panaliti sagêd nindakakên panalitènipun.

Wondéné lampahing panalitèn kanthi ngginakakên *filologi*, inggih mênikâ wontên warni ênêm. Urut-urutaning panalitèn *filologi* mênikâ makatên (1) *inventarisasi manuskrip* inggih mênikâ pados sâhá nyathêt sadâyâ *manuskrip* ingkang sajinis; (2) *deskripsi manuskrip (permanuskripan)*, inggih mênikâ nggambarakên kawontênaning *manuskrip* sâhá kadospundi mênggah urut-urutaning *teks*-ipun (*deskripsi teks* utawi *perteksan*); (3) nêmtokakên *manuskrip* ingkang kapilih, manawi jumlahipun kathah (kanthi nandhing-nandhingakên), mênâpâ ingkang mbédakakên kalihan *manuskrip* sanèsipun (*ciri khas, unggulan, utawi keistimewaan*-ipun) pérangan mênâpâ ingkang sami, lsp. nanging manawi namung satunggal inggih katliti kanthi prêmati kadospundi mênggah isinipun; (4) maos *manuskrip* ingkang kapilih utawi ingkang katêmtokakên minangkâ dhasaring panalitèn; (5) alih tulis, inggih mênikâ nggantos utawi damêl salinaning *teks*; (6) damêl *parafrase* manawi milâ *manuskrip*-ipun kaandharakên kanthi dhapukan sêkar, déné manawi *manuskrip*-ipun kaandharakên kanthi dhapukan gancaran inggih lajêng damêl (7) *terjemahan*-ipun.

Adhêdhasar andharan ing nginggil nélakakên bilih lampahing panalitèn *manuskrip* mênikâ kawiwitan kanthi nêmtokakên *sumber data* utawi *manuskrip Jawa* ingkang badhé kagarap. Caranipun pados *manuskrip Jawa* inggih mênikâ kanthi maos *katalog (studi katalog)*, kalajêngakên ningali piyambak wujuding *manuskrip Jawa* ing muséum utawi *perpustakaan permanuskripan*. Sasampunipun lajêng sagêd ngajêngakên panalitènipun jumbuh kalihan lampahing panalitèn *filologi*, manawi panalitènipun mênikâ mligi. Nanging, ugi sagêd kalajêngakên naliti kanthi nggayutakên kalihan ngèlmu sanèsipun (*lintas disiplinèr*) kajumbuhna kalihan nêting manah.

### C. Membaca Manuskrip Jawa

Manawi *manuskrip Jawa* ingkang badhé dipun-tliti miturut panalitèn *filologi* sampun dipun-têmtokakên, lampah salajêngipun inggih mênikâ maos (*membaca manuskrip Jawa*) kasêbut. Wondéné gêgaran kanggé *membaca manuskrip Jawa*, inggih mênikâ kédah mangrêtos aksaraning *teks* sâhâ tâtâ-panyêratipun.

*Manuskrip Jawa* mênika kasêrat mawi aksârâ Jâwâ, aksârâ Arab Pégon, sâhâ aksârâ Latin. Aksârâ Latin makatên asipat *fonemis*, têngsipun panyêrating sabên têngbung kapilah-pilahakên utawi têngbungipun madêg piyambak-piyambak. Dados, manawi badhé nêgêsi têngbung ngantos dumugi mangrêtos wosing isi andharananing *teks* mênikâ sagêd kalampahan kanthi gampang. Déné sêrataning *teks* ingkang mawi aksârâ Jâwâ mênikâ ugi kédah mangrêtos kadospundi mênggah sipating aksaranipun. Aksârâ Jâwâ mênikâ asipat *silabis* sâhâ tâtâ panyêratipun kanthi *scriptio-continuo*. Têngsipun, sêratan ingkang kasêrat kanthi lajêngan kémawon wontên ing sabên larik tanpa milah-milahakên panyêrating sabên têngbung-têngbungipun. Bab mênika prêlu kawigatosan mirunggan, inggih mênikâ kédah mangrêtos saestu têngsing têngbung-têngbung bâsâ Jawi inggih magêpokan kalihan bab *kosakata* sâhâ *morfologi*-nipun. Sasanèsipun mênikâ ugi kédah mangrêtos kadospundi cârâ ngatèn-atèni sêratan carik utawi sêratan tangan ingkang awujud mbâtâ-sarimbag, ngêtumbar, mucuk êri, sâhâ nyacing.

Makatêna ugi manawi *teks*-ipun kasêrat mawi aksara Arab Pégon, inggih aksârâ Arab ingkang kanggé nyêrat basa Jawi. Dados, aksârâ Arab Pégon mênikâ aksârâ Arab Hija'iyah ingkang dipunréka-réka kanthi nambahi tândhâ-tândhâ, umpaminipun cêcêk, *shakel*, sâhâ *harakat* ingkang béda kalihan *harakat* ingkang sampun wontên, kajumbuhakên kalihan bâsâ Jawi. Kados déné aksârâ Jâwâ, aksârâ Arab Pégon mênikâ asipat *silabis* sâhâ tâtâ panyêratipun *scriptio-continuo*.

Kauningana bilih maos *manuskrip Jawa* mênikâ wontên mapintên-pintên jinis. Miturut Tarigan (1994:1-17), ingkang dipun-kajêngakên maos inggih mênikâ sarânâ kanggé mangrêtos isining andharan mênâpâ kémawon ingkang sinêrat, inggih isining andharan ingkang kasêrat ing *manuskrip* utawi kasêbut *teks*.

Déné *tujuan* maos *teks* mênikâ wontên warni kalih, inggih mênikâ (1) *tujuan behavioral (instruksional)* utawi *tujuan tertutup* sâhâ (2) *tujuan ekspresif* utawi *tujuan terbuka*. *Tujuan behavioral (instruksional)* utawi *tujuan tertutup*, inggih mênikâ *tujuan* maos *teks* kanggé mangrêtos têngsing têngbung (*word attack*), kanggé mangrêtos ngèlmu mênâpâ kémawon ingkang kawrat ing *teks (study skills)*, sâhâ supados paham ngéngingi sadâyâ bab ingkang gayut kalihan sarânâ sâhâ isining andharan (*comprehension*). *Tujuan ekspresif* utawi *tujuan terbuka*, inggih mênikâ gêgayutan kalihan kadospundi mênggah cârâ anggènipun maos (*self-directed reading*), kadospundi mênggah pangénthâ-énthaning wosipun *teks (interpretative reading)*, sâhâ maos kanthi migunakakên kawasisan ing bab pangrêtosan sawarnining ngèlmu ingkang kasêrat ing *teks (creatif reading)*. Andharan kasêbut sagêd kagambarakên makatên.

<i>Membaca</i>	
<i>Tujuan Behavioral</i>	<i>Tujuan Ekspresif</i>
mangrêtos têngêsing têmbung ( <i>word attack</i> )	kadospundi cârâ anggènipun maos ( <i>self-directed reading</i> )
mangrêtos ngèlmu mênâpâ kémawon ingkang kawrat ing <i>teks (study skills)</i>	pangénthâ-énthaning wosipun <i>teks</i> ( <i>interpretative reading</i> )
paham ngéngingi sadâyâ bab ingkang gayut kalihan sarânâ sâhâ isining andharan ( <i>comprehension</i> )	wasis ing bab pangrêtosan ngèlmu ing salêbêting <i>teks</i> ( <i>creatif reading</i> )

(Tarigan, 1994: 3)

*Tujuan behavioral* ingkang andhasari pangrêtosan bab isining *teks* dhapukan sêkar inggih ngéngingi bab pangrêtosaning têngêsing têmbung (*word attack*) mênikâ jumbuh kalihan pamanggihipun Riffaterre (1982: 5-6), inggih mênika maos kanthi *heuristik*. Maos kanthi *heuristik* mênikâ mujudakên cârâ utawi *metode* maos ingkang gayut kalihan *tujuan ekspresif (self-directed reading)*. Maos kanthi *heuristik* têngêsipun maos kanthi parâmâsastrâ *normatif*, inggih mênikâ gègayutan kalihan *morfologi, semantik, sâhâ sintaksis*. Bab mênikâ sagêd kalampahan kanthi migunakakên andharan têngêsing têmbung wontên ing bausastrâ (*kamus*). Asiling maos kanthi *metode heuristik* mênikâ awujud têngêsing têmbung (*meaning*) saking *teks* dhapukan sêkar miturut parâmâsastrâ *normatif* ingkang jumbuh kalihan *sistem semiotika tingkat pertama (first order semiotics)*. Wondéné *tujuan ekspresif* ingkang gègayutan kalihan pangénthâ-énthaning wosipun *teks (interpretative reading)* jumbuh kalihan maos kanthi *metode retroaktif*, inggih mênikâ *teks* kawaos wongsal-wangsul sinartan ngénthâ-énthâ wosipun mênâpâ (*metode hermeneutik*) kagayutakên kalihan têngêsing *teks* miturut *kontekstual*-ipun. Kanthi makatên pamaosing *teks* ngginakakên *metode retrokatif-hermeneutik* mênikâ ingkang kawastanan maos adhêdhasar *konvensi sastra*, inggih miturut *sistem semiotika tingkat kedua (second order semiotics)*.

Sasanèsipun mênikâ gègaran kanggé maos *teks* ingkang baku inggih mênikâ cêkapipun wawasan ngèlmu ingkang magêpokan kalihan bab bâsâ, sastra, sâhâ budâyâ Jawi jumbuh kalihan sarânâ kanggé ngandharakên *teks* sâhâ bab ngèlmu mênâpâ kémawon ingkang kawrat ing *manuskrip Jawa*. Kanthi makatên panaliti sagêd mbabar isining *teks* ingkang tēbanipun wiyar inggih jumbuh kalihan bab mênâpâ kémawon

ingkang kawrat ing *manuskrip Jawa*. Makatên mênggah lampahing panalitèn ing bab maos *teks*.

#### D. Deskripsi Manuskrip Jawa sàhà Deskripsi Teks

*Deskripsi manuskrip Jawa*, inggih mênikå andharan kanggé nggambarakên kawontênaning *manuskrip Jawa* kajumbuhakên kalihan kawontênan mênåpå wontênipun. *Deskripsi manuskrip* mênikå pènting sangêt kaandharakên amargi jumbuh kalihan kawontênan bilih satunggal irah-irahaning *manuskrip Jawa* sagêd kapanggihakên langkung saking satunggal *eksemplar*. Kawontênan makatên mênikå inggih amargi wontênipun *tradisi salin-menyalin manuskrip Jawa* wiwit jaman rumiyin ngantos dumugi sapriki taksih katindakakên.

*Deskripsi teks*, inggih mênikå andharan kanggé nggambarakên kawontênaning *teks* kanggé nyukani katrangan kadospundi mênggah kawontênaning *teks* ingkang badhé katliti. Mênåpå inggih *teks* ingkang badhé katliti mênikå jangkêp (wontên manggala, pambukå, isi, panutup, sàhå *kolofon*) mênåpå botên. Bab mênikå pènting sangêt kanggé dhasaring panalitèn kanthi cârà nandhing-nandhingakên *manuskrip Jawa*. Kanggé nandhing-nandhingakên *manuskrip Jawa* mênikå ingkang prêlu dipunémut-émot, inggih mênikå bilih wontênipun *varian manuskrip* ndadosakên mawarni-warnining *manuskrip* ingkang sajinis nanging béda wujudipun.

Wondéné bab mênåpå kémawon ingkang kédah dipundamêl *deskripsi-nipun* (Darusupraptå, 1984:8) urut-urutanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Papan panyimpêning *manuskrip*, inggih mênikå andharan ingkang ngêwrat bab sintên ingkang nyimpên (pribadi, pamarintah, mênåpå swasta), wontên ing pundi, nomêr *kodreks-ipun* pintên.
2. Irah-irahanipun mênåpå, kasêrat wontên ing pundi, kasêrat piyambak déning panyêratipun, mênåpå kanthi andharan saking tiyang sanès, sêrataning irah-irahan ing wontên salêbêting *manuskrip* mênåpå ing sajawining *manuskrip*.
3. Sintên ingkang nyêrat, mênåpå kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênåpå kasêrat déning tiyang sanès awit nuhoni dhawuh (wontên *pemrakarsa-nipun*).
4. Samak, samaking *manuskrip* kadamêl saking mênåpå, mênåpå saking kulit, kêrdhus, lajêng kadospundi kawontênaning samak pérangan ngajêng sàhå pérangan wingking, mênåpå taksih wêtah, bolong, gripis mênåpå malah sampun rusak, rupining samakipun mênåpå, mênåpå wontên sêratan, gambar utawi rêrêngganipun, manawi wontên kadospundi wujudipun, mênåpå isining sêratanipun.
5. Jilidan, kadospundi mênggah jilidanipun, dipundondomi mênåpå botên, wontên pérangan-péranganing jilidan (*kuras* utawi *kateren*) mênåpå botên, kadospundi kawontênaning jilidanipun taksih kêkah mênåpå sampun kêndho, mênawi kêndho mênåpå wontên lêmbar-lêmbaring dlancang ingkang pêthil utawi ucul saking jilidanipun.
6. Ukuraning *manuskrip* kadospundi, ukuran wiyar sàhå panjangipun pintên, kandêlipun pintên (ugi sagêd kaukur kanthi *centimeter* utawi kathahipun pupuh

- sâhâ pādâ pintên manawi kasêrat kanthi dhapukan sêkar, manawi gancaran kathaing kacanipun pintên).
7. Ukuraning *teks* kadospundi, ukuran wiyar sâhâ panjangipun pintên, mênâpâ wontên ingkang kasêrat namung sêpalih, saprâtigan, saprâsakawanipun raining dlancang, lsp.
  8. Sêratan, jinising aksârâ ingkang kaginakakên kanggé nyêrat *teks* mênâpâ kémawon (mênâpâ aksârâ Jâwâ/aksârâ Arab Pégon/aksârâ Latin mênâpâ wontên sanèsipun), kadospundi mênggah wujuding aksârâ (mbâtâ-sarimbag, ngêtumbar, mucuk êri mênâpâ *kombinasi*), kadospundi mênggah ukuraning aksârâ (agêng, cêkapan, mênâpâ alit), kasêrat miring mênâpâ jêjêg, tandhêsaning sêratanipun kandêl mênâpâ tipis, kasêrat mawi mangsi rupi mênâpâ, kasêrat ing kêbêtêng dlancang sisih pundi *verso* mênâpâ *recto*, kasêrat déning tiyang ingkang sampun kulinâ nyêrat mênâpâ botên, sêratanipun gampil kawaos mênâpâ angèl kawaos.
  9. Rêrênggan, mênâpâ wontên rêrêngganipun, manawi wontên kasêrat ing pundi kémawon, kadospundi mênggah wujudipun, kasêrat utawi kagambar mawi mangsi mênâpâ kémawon, wontên gayutipun kalihan andharaning *teks* mênâpâ botên.
  10. Manggala, mênâpâ wontên manggalanipun (inggih andharan sadèrèngipun *teks* utawi andharan wiwitaning sêrataning *manuskrip*), manawi wontên isinipun ngandharakên bab mênâpâ kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênâpâ tiyang sanès.
  11. *Kolofon*, mênâpâ wontên *kolofon*-ipun (inggih andharan sasampunipun *teks* utawi andharan pérangan wingking ing pungkasanipun sêrataning *manuskrip*), manawi wontên isinipun ngandharakên bab mênâpâ kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênâpâ tiyang sanès.
  12. Dhapukan, kadospundi mênggah dhapukaning *teks*, mênâpâ kadhapuk kanthi dhapukan gancaran, sêkar, pawicantênan utawi *drama* mênâpâ *kombinasi*, manawi mawi dhapukan gancaran: pintên jumlahing larik sabên kacaning dlancang, manawi mawi dhapukan sêkar, inggih dhapukan sêkar mაცაპატ: pintên cacahing pupuh sâhâ pādâ ing sabên pupuhipun, mawi jinising sêkar mênâpâ kémawon.
  13. Tândhâ pamaos, ngginakakên tândhâ pamaos mênâpâ kémawon, wontên ing dhapukan pundi kémawon, kasêrat mawi mangsi mênâpâ kémawon, wujuding tândhâ kadospundi, mênâpâ wontên panândhâ sanèsipun, sâhâ kaginakakên kanggé mênâpâ kémawon.
  14. Isi, isining *teks* mênikâ jangkêp mênâpâ kirang, kapunggêl mênâpâ awujud *fragmen*, kadospundi mênggah andharan isining *teks*.
  15. Jinis, kalêbêt ing golonganing jinis *manuskrip* mênâpâ, kadospundi mênggah titikanipun.
  16. Bâsâ, ngginakakên *ragam* bâsâ mênâpâ kémawon: bâsâ Jawi *ragam* krâmâ, ngoko, mênâpâ campuran, kadospundi mênggah bâsâ ingkang dipunginakakên: mawi bâsâ baku, ênggèn-ênggènan, mênâpâ campuran, mênâpâ inggih wontên bâsâ sanèsipun sinaosâ namung cuplikan (Arab, *Melayu* mênâpâ sanèsipun).

17. Cathêtan, mênâpâ wontên cathêtan ing salêbêting *teks* ingkang wontên gayutipun kalihan *teks*, manawi wontên kasêrat ngantos pintên kâcâ, wontên ing kâcâ pundi kémawon, kadospundi mênggah isi andharaning cathêtan; mênâpâ wontên cathêtan ing sajawining *teks* inggih ing pinggiring dlancang (*pias/margin*): wontên pintên kâcâ, ing kâcâ pintên kémawon, kadospundi mênggah isi andharaning cathêtan. Manawi wontên cathêtan ing sajawining *manuskrip* utawi *witnes*, kaandharakên wontên ing pundi kémawon (*manuskrip* sanèsipun, *katalog*, *artikel*), kadospundi mênggah gégayutanipun antawisipun satunggal sâhâ satunggalipun, kadospundi mênggah boboting andharan ingkang langkung murakabi dhatêng sawênèhing ngèlmu utawi panggêsanganing masarakat.